

I-95 Stamford

Etid sou Lyen ki genyen ant Planifikasyon ak Anviwònman



Apèsi Pwojè a

Depatman Transpò Connecticut (Connecticut Department of Transportation, CTDOT) la ap fè yon etid sou Lyen ki genyen ant Planifikasyon ak Anviwònman (PEL) pou chèche fason pou diminye anbouteyaj sou I-95 ant Echanj wout 7 - 9 osi byen ke konsèp pou ranplase pon I-95 la ki pase anlè Metro-North Railroad ak Myrtle Avenue.

Angajman Pati Prenant

Pandan kèk mwa ki sot pase yo, nou te angaje nou ak pati prenan yo pou nou aprann plis sou zòn etid la. Kontribisyon yo te pote pou yo te konprann bezwen rezidan yo, biznis ak vwayajè yo te enkonparab. N ap pran sijesyon kominote ak pati prenan yo konsènan opòtinite yoan konsiderasyon pandan n ap devlope konsèp potansyèl yo. Men sa piblik la di:

Priyoreze Sekirite Se Bagay ki Enpòtan

Tout moun vle rive kote yo prale a an sekirite. Lefèt ke gen anpil machin k ap antre ak sòti nan otowout la nan yon distans ki pa long, sa kreye konfli. Genyen kèk zòn tou ki gen gwo konfli sou wout pyeton ak wout pou bisiklèt nan zòn etid la. Pyeton ak siklis yo genyen enkyetid osijè konsekans ki genyen sou sekirite volim trafik ak espas ki pa apwopriye sou wout yo.

Zafè Oryantasyon ak Sinyalizasyon nan Vil la Kapab Amelyore

andan ke rezidan Stamford yo konnen wout yo nan tout vil la, li ka yon defi pou moun ki pa abitye ak wout lokal yo pou yo oryante yo. Amelyore sistèm siyalizasyon an ka ede rezidan ak vizitè yo ale kote yo prale a pi fasil ak pi vit, kit y ap kondwi machin pa yo kit yo pran transpò piblik. Anplis de sa, lòt amelyorasyon konsepsyon ak teknik kontwòl trafik, tankou wonpwen yo ak siyalizasyon ki amelyore, ka petèt diminye anbouteyaj sou wout lokal yo nan tout pasaj la.

Tan trajè yo Enprevizib

Chofè yo souvan pran nan anbouteyaj sou I-95 lan, ki se yon wout yo sikile anpil sou li, ki pote apeprè 120,000 machin pa jou pou antre ak soti nan vil la. Nou te tande ke gwo anbouteyaj sa fè tan trajè yo pa fyab pou moun k ap kondwi pou ale nan vil la pou travay, pou ale lekòl ak pou kamyon komèsyal yo. Yon trajè ki ta dwe pran 20 minit ka pafwa pran jiska 40 minit oswa plis, sa ki lakòz moun rate angajman enpòtan yo pran akòz tan trajè a ki enprevizib.

Yo Vle yon Mèyè Aksè nan Estasyon Tren an

Biznis, anplwaye ak elèv yo vle yon mèyè aksè pou pyeton, bisiklèt epi aksè ak navèt yo pou ale ak soti nan Stamford Transportation Center.

Kalandriye Pwojè a



Reyalite a konsènan I-95 nan Stamford

 <p>200,000+ machin itilize liy prensipal ak ranp nan Stamford chak jou.</p>	 <p>Avèk plis pase 3000+ anbakeman, liy otobis 341 ant Stamford ak Norwalk la gen pi gwo kantite anbakeman nan otobis nan Stamford.</p>
<p>1,500+ pyeton itilize South State St pou travèse anba I-95 chak jou.</p> 	<p>Dezyèm estasyon ki pi frekante nan rezo Metro-North Railroad la se Stamford, ki reprezante 21% pasaje sou liy New Haven lan.</p> 


Patisipe!

Patisipe nan yon reyinyon Piblik Vityèl!

Patisipe pa Zoom oswa sou telefòn nan dat:

Madi 28 fevriye 2023 a, nan Midi OSWA Mèkredi 1ye Mas la, nan 6:30 PM.

Detay reyinyon yo disponib nan: i95stamford.com/get-involved.

 **Rele liy dirèk nou an:**
860-594-3211



 **Voye imèl bay estaf pwojè a:**
Jonathan Dean, PE
Manadjè Pwojè
Jonathan.Dean@ct.gov

Ale sou sitwèb nou an:
Ale sou i95stamford.com pou w gen plis detay sou pwojè a, pou w gade materyèl yo, epi kite kòmantè.

Swiv nou sou rezo sosyal yo:

